# QARAQALPAQSTANDAǴI ÁYYEMGI QORǴANIW BEKINISLERI

**Tolepov B.T.**
*Ăjiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq instituti Registrator ofisi baslıǵı*

Áyyemgi Xorezm mámleketi jerlerinde (házirgi Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Ellikqala rayonı teritoriyasında) erte orta hám orta ásirler dáwirinde qurılǵan eski qalalar, tariyxiy estelikler óziniń qurılısı jaǵınan qorǵanıw bekinisine júda qolaylı qurılǵan. Ámiwdáryanıń oń tárepinde jasaǵan, mıń jıllar dawamında ómir gúllep-jasnaǵan júzlep áyyemgi qúdiretli qalalar, olarda jasaǵan ata-babalarımız óz ǵárezsizligin saqlawǵa intilip, qorǵanıw jumıslarında úlken áskeriy kúshke iye ekenligine tariyxshı-alımlarımız S.P.Tolstov, V.N.Yagodin, Ya.Ǵulomov, Ǵ.Xojaniyazovlar  ózleriniń pikirlerin dáliller menen miynetlerinde atap ótken.  Ellikqala – júda kóplegen tariyxiy qalalar hám imaratlardı óz ishine alǵan ájayip úlke. Ellikqalanı “ashıq aspan astındaǵı muzey” dep aysaqta boladı.  Arxeolog-alım S.P.Tolstov “Áyyemgi xorezm” atlı miynetiniń “Kangyuy atlıları” dep atalǵan babında atlı ásker qural-jaraqları hám taktikası Xorezm xalıqı menen sak-massagetler baylanısqan, olar bir jerden shıqqan bolıwı múmkin, degen pikirdi oyatadı deydi. Keyinrek alım Xorezmniń antik dáwir aqırındaǵı (Topıraqqala) hám erte orta ásirdegi qural-jaraqları, áyyemgi soǵdınıń áskeriy buyımları siyaqlı apasiak atlı áskerleri qural-jaraqları menen tikkeley baylanısl ekenligin dálillep bergen. Xorezmniń antik dáwirdegi qalalarınıń derlik barlıǵı aymaqtı qońsı qáwimlerden qorǵanıw maqsetinde qurılǵan. Ámiwdaryanıń oń tárepinde shıǵıstan batısqa qarap izbe-iz sozılǵan Qanǵala, Janbasqala, Bazarqala, Qorǵasınqala, Qırıqqız, Ayazqala, Búrkitqala hám Topıraqqala suwǵarıw qurılması eteginde bir-birne jaqın hám qatar etip qurılǵan. Bir rejege tiykarlanǵan qorǵanıw sisteması hám rawajlanǵan jaqsı suwǵarıw qurılmasınıń bar ekenligi Xorezmniń qúdiretli oraylasqan mámleket bolǵanlıǵın kórsetedi. Úlken Gúldirsin nayzasıman qosdiywal menen oralǵan qáte tórtmuyesh (280-230 m) formasında jaqsı qurılǵan bolıp, ol eki úlken suw qurılması – Qırıqqız hám Topıraqqala kanallarınıń bir-birnen ajıralǵan jerinde qurılǵan. Qala janında qazılǵan úlken suw qurılması Narinjan qalası arqalı órip, Topıraqqalaǵa baradı hám Qızılqala aldında tamamlanadı. Mine usı jaqsı suw qurılmalarınıń bas bólimin qorǵanıw ushın hám suw bólistiriwdi oraylıq Gúldirsinqalada bolǵan bolıwı múmkin. Usı kanal hám shaqapshalarınıń tómengi aǵımın Qızılqala, Ayazqala hám basqa qalalar qorıqlaǵan. Qızılqala áhmiyetli strategiyalıq punkt bolıp, ol xorezmshaxlar aymaǵı – Topiraqqalanı áyyemgi jol arqalı hámde Ámiwdárya tárepten keletuǵın jawlardan qorıqlap turǵan. Keń sahra ortasında biyikke kóterilip turǵan Ayaz-I de Qızılqala kibi Xorezmge arqadan alıp baratuǵın jolústindegi áhmiyetli strategiyalıq estelik esaplanadı. Topiraqqala dushpannan qorǵanıw maqsetinde hár biri 25 metr keletuǵın úsh minara qurǵan. Qala átirapı hár 30-40 metrde kvadrat formadaǵı minarası bolǵan eki kilometrli diywal menen orap alınǵan.  S.P.Tolstovtıń aytıwınsha, Topıraqqala qalası hám onıń sarayınıń qurılısıda áhmiyetli siyasiy áhmiyetke iye bolǵan waqiya esaplanadı. Sebebi bul esteliktiń payda bolıwı tariyxta “Xorezm era” sın baslap bergen waqiya, dep joqarı bahalanadı.

**PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:**

1. С.П. Толстов. Древний Хорезм. М. 1948
2. С.П. Толстов. По следам древнехорзмийской цивилизации. М. 1948
3. М.М.Алламбергенов. Қадимий мудофаа қўрғонлари. Т. 2007
4. М.М.Алламбергенов. История военного дела в низовьях окса и яксарта. Т.2008